


**LWA "FAIR
W-ORKWEEK NYC"
A (LWA POU SEMÈN
TRAVAY KI JIS NAN
VIL NEW YORK)
PWOTEJE TRAVAYÈ
MANJE FASFOUD YO**

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) ranfòse Lwa San Patipri Pou Semèn Travay nan Vil New York la, ki pwoteje travayè manje fashoud yo. DCWP kreye rezime sa a pou patwon yo ak anplwaye yo. Li gen ladan nouvo dwa ki enpòtan. Ale sou nyc.gov/workers pou w ka jwenn plis enfòmasyon, epi pou ka jwenn repons sou Kesyon Moun Poze Souvan yo.

REMAK:

- Patwon yo pa ka pini, penalize, fè vanjans oswa pran okenn aksyon kont anplwaye ki ta ka sispann oswa dekouraje yo egzèsè dwa yo dapre Lwa Vil New York la. Travayè yo ta dwe kontakte imedyatman DCWP sou zafè f vanjans lan. Gade dèyè ti liv la.
- Lwa Vil New York pwoteje tout travayè yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.



Konsènan Lwa San Patipri Vil New York la

Anplas depi 26 Novanm 2017

Patwon manje fashoud yo dwe bay travayè yo orè ki previzib ak chans pou yo travay pou plis èdtan anvan yo anboche nouvo travayè.

***NOUVO* Anplas 4 Jiyè 2021**

Patwon manje fashoud yo pa kapab revoke oswa revoke pou yon ti tan oswa redui lè travay yo pou plis pase 15 pousan (15%) san rezon ki valab oswa san yon rezon ekonomik ki valab.

Patwon Ki Konsène Yo

Anplwayè yo—ki gen ladan soutretans ak konpayi èd tanporè yo—ki gen travayè k ap fè sèten travay nan yon etablisman manje fashoud nan Vil New York. *Gade seksyon Anplwaye Ki Kouvri Yo.*

Yon etablisman manje fashoud:

- Sèvi Prensipalman manje ak bwason.
- Se kote kliyan yo peye anvan yo manje souplas oswa deyò lokal la.
- Bay sèvis ki limite.
- Fè pati yon chèn. EPI
- Se youn nan 30 oswa plis etablisman ki nan tout peyi a, tankou nan yon antrepriz entegre oswa tankou franchiz chak pwopriyete posede apa.

Etablisman manje fashoud ki sitiye yo anndan lòt kalite etablisman, tankou sant komèsyal yo, genyen lwa Vil New York la ki aplikab pou yo.

Anplwaye Ki Konsène Yo

Anplwaye ki fè omwen youn nan travay sa yo nan yon etablisman manje fashoud nan Vil New York:

- netwayaj
- kizin
- sèvis kliyantèl
- preparasyon manje oswa bwason
- livrezon deyò
- travay antretyen woutin
- sekirite
- depo pwovizyon oswa materyèl

Avi sou Dwa Yo

Patwon yo dwe afiche avi sa a kote anplwaye yo kapab wè li fasilman nan chak espas travay nan Vil New York.

- **DWA TRAVAYÈ MANJE FASHOUD YO NAN VIL NEW YORK**

Patwon yo dwe afiche avi sa a nan lang Anglè ak nan nenpòt lang ki se lang natifnatal omwen 5 pousan (5%) nan travayè yo ki nan yon espas travay si sa disponib sou sit entènèt DCWP a nan nyc.gov/workers.

Rezime sou Dwa Anplwaye Yo

Anplis depi 26 Novanm 2017



Orè regilye ak premye orè travay alekri nan jou a menm oswa anvan premye jou nan travay la



14 jou (2 semèn) preyavi nan orè travay la
Konsantman alekri travayè a pou nenpòt lòt bagay ki vin ajoute nan yon orè alekri nan 14 jou oplita apre kòmansman orè travay la



Peman Prim pou tout chanjman orè ki avèk yon avi ki genyen mwens pase 14 jou - GADE TABLO ANBA A



Konsantman alekri travayè a ansanm avèk \$100 kòm prim pou travay nan orè "fèmen-ouvè" (clopning)* yo



Priorite pou travayè ki revoke pou yon ti tan yo oswa travayè aktyèl yo kapab travay nan orè ki fenk disponib yo anvan patwon an anboche nouvo travayè

*Yon *clopning* (fèmen-ouvè) se lè yon moun ap travay nan 2 orè sou 2 jou, lè premye orè a fini nan yon jou epi vin genyen mwens pase 11 èdtan ant lè li fin travay premye jou ak lè l ap kòmans travay dezyèm jou a.

NOUVO Anplis apatide 4 Jiyè 2021



Pa gen revokasyon apre peryòd pwobasyon 30 jou a san yon rezon ki valab

- Patwon yo dwe bay travayè yo reyadaptasyon ak yon opòtinite pou yo amelyore.
- Si pa gen okenn amelyorasyon, patwon yo ka revoke travayè yo sèlman apre yo fin ba yo plizyè avètisman disiplinè nan yon lane.
- Plizyè avètisman pa nesèsè ankò lè li parèt byen klè ke moun lan pa ka fè bagay travay la mande yo oswa lè li gen move kondwit.



Pa gen revokasyon pou yon ti tan sof si patwon an ap fèmen oswa reyòganize tout bagay akòz gen yon bès nan biznis lan

- Revokasyon pou yon ti tan yo dwe fèt nan lòd alanvè pou moun ki ansyen yo, epi travayè ki bay sèvis yo pandan pi plis tan yo dwe revoke pou yon ti tan an dènye.
- Anplwaye yo te revoke pou yon ti tan yo gen premye priorite pou yo travay nan nouvo orè yo.



Eksplikasyon alekri patwon an bay pou revokasyon, rediksyon èdtan, oswa revokasyon pou yon ti tan pou rezon ki valab oswa rezon ekonomik

Pri Peman Prim pou Chanjman Orè dènye minit Patwon an fè yo:

Dire Preyavi a	Tarif pou èdtan anplis yo	Tarif si pa gen enpak sou èdtan yo	Pri pou èdtan ki redui yo	Ou pa renonse ak dwa w pou ou touche prim ou an lè ou dakò ak yon chanjman orè. Prim lan pa obligatwa lè:
Mwens pase 14 jou preyavi	\$10 pou chak chanjman	\$10 pou chak chanjman	\$20 pou chak chanjman	1. Patwon an fèmen akòz: menas pou sekirite travayè yo oswa pwopriyete patwon an; echèk nan sèvis piblik la; fèmti transpò piblik la; dife, inondasyon, oswa lòt katastwòf natirèl; leta deklare eta dijans.
Mwens pase 7 èdtan preyavi	\$15 pou chak chanjman	\$15 pou chak chanjman	\$45 pou chak chanjman	2. Travayè a mande yon chanjman orè travay alekri.
Mwens pase 24 èdtan preyavi	\$15 pou chak chanjman	\$15 pou chak chanjman	\$75 pou chak chanjman	3. Travayè a boukante orè travay ak yon lòt anplwaye.
				4. Patwon an dwe peye lè sipleman tè pou yon chanjman orè travay.

Konsève Dosye

Patwon yo dwe konsève dosye konfòmite elektwonik yo dekri anba a pou twa (3) lane. Si yon patwon pa konsève oswa pwodwi dosye, anplwaye yo ap resevwa yon "sipozisyon moun pa ka refize" an favè yo lè yo pote plent yo a nan tribinal la. Sa vie di fado a pral tonbe sou do patwon yo, kote yo pral genyen pou yo montre yo pa t vyole lwa Vil New York la.

Anplas depi 26 Novanm 2017

Patwon an dwe konsève dosye:

- Èdtan travayè a fè chak semèn
- Orè chak travayè te travay, ki gen ladan dat, lè, epi kote a
- Chak orè regilye yo te bay travayè yo
- Konsantman alekri Travayè yo pou yo travay nan orè *Fèmen-Ouvè* (clopenings) yo epi pou planifye chanjman lè yo mande yo sa
- Chak orè alekri yo bay travayè yo
- Tout peman prim yo bay travayè yo, ki gen ladan dat ak kantite lajan

NOUVO Anplas apatide 4 Jiyè 2021

Patwon dwe kenbe dosye yo pou montre:

- Rezon valab ki fè yo revoke anplwaye a
- Jistifikasyon ekonomik ki lejitim ki fè yo revoke anplwaye a pou yon ti tan
- Avi sou revokasyon, revokasyon pou yon ti tan, oswa Rediksyon nan Èdtan yo bay travayè yo
- Tantativ pou tounen bay travayè yo te revoke pou yon ti tan yo travay oswa ba yo plis èdtan

Plent Yo

🔄 Depoze yon plent nan DCWP

Al gade nan nyc.gov/workers oswa kontakte **311** (212-NEW-YORK deyò Vil New York) epi mande pou "Fair Workweek Law" (Lwa pou Semèn Travay ki Jis)

DCWP ap mennen yon ankèt epi eseye rezoud yon plent. DCWP pral kenbe idantite moun k ap pote plent lan sekre sof si lalwa egzije pou li revele l.

Apatide 2 Septanm 2021, DCWP ka aksepte plent sou chaj ki pa jistifye.

🔄 Depoze yon plent nan tribinal

Remak: Anplwaye yo pa ka gen yon plent ak DCWP epi yon reklamasyon nan tribinal an menm tan.

Apatide 4 Jiyè 2021, travayè ki kwè yo te revoke yo san yon rezon ki valab oswa revoke pou yon ti tan san yon rezon ekonomik ki lejitim ka pote yon plent nan tribinal eta a epi chèche reyentegrasyon, peman salè anplwayè a dwe yo, ak lòt soulajman.

🔄 Vini ak yon pwosedi abitraj (nouvo dispozisyon yo sèlman)

Apatide 1 Janvyè 2022, travayè ki kwè yo te revoke yo san yon rezon ki valab oswa revoke pou yon ti tan san yon rezon ekonomik ki lejitim ka mande yon abitraj atravè yon pwogram DCWP administre.

Kontakte DCWP

Visit nyc.gov/workers, voye imèl bay OLPS@dca.nyc.gov, oswa kontakte **311** epi mande pou "Fair Workweek Law" (Lwa pou Semèn Travay ki Jis).

